



“
 Se te nan kòmansman gwosès
 mwen epi mwen potko
 vaksinen. Mwen te preyokipe
 pou tout bagay mwen pa t
 konnen epi pou lefèt ke
 founisè mwen t ap antre soti
 nan kay lòt moun.

Kowòdonatè sèvis nou an te
 fè n konnen nenpòt sa nou
 deside ki te bon nou t ap OK
pou li tou.

MICHELLE
 Parent, MA

@EIPLP #ElFaceToFace

Istwa Michelle

Fanmi nou an te kòmanse ak sèvis El yo pou Jackson lè li te gen 3 semèn. Sa a se te anvan COVID te rive. Mwen travay nan domèn entèvansyon bonè, epi mwen te bay tèt mwen yon referans pou m te gen plis moun ki t ap veye li. Nou te renmen kowòdonatè sèvis nou an anpil, epi sèvis Jackson tap resevwa yo. Lè COVID rive, ni pwogram mwen t ap travay pou li a ak ni pwogram fanmi mwen resevwa sèvis nan men li te elimine vizit fas-a-fas epi yo te janbe nan telesante (a distans). Lè sa a, nou te kòmanse pwosesis la pou chanje kowòdonatè sèvis. Se te anpil chanjman ki te rive anmenmtan.

Sèvis telesante yo atravè pwogram nou an te trè bon. Pwogram nou an te vreman itilize filozofi Paran k ap Entèyaji ak Timoun Piti (Parents Interacting With Infants, PIWI) an, kidonk transfè a nan telesante a pa t twò difisil. Kowòdonatè sèvis nou an te trè emab akòz orè nou an, epi ekilib ant responsabilite nan kay la tankou netwaye ak fè lesiv, leve yon timoun piti epi travay lakay. Paske mwen travay pou yon lòt pwogram, epi mwen mwen t ap kontre ak tout fanmi mwen yo grasa telesante, nou t ap tout tan pale osijè kijan sa t ap dewoule pou nou retounen nan sèvis fas-a-fas yo. Mwen te konnen kowòdonatè sèvis nou an te pran vaksen li nan Faz 1, men mwen te fenk kòmanse ansent ankò ak 2yèm pitit nou an epi mwen t ap tann plis tan toujou anvan pou mwen pran vaksen mwen an, konfòmman ak konsèy doktè mwen an te banmwen an.

Vè epòk sa a tou, pwogram nou an te kòmanse poze nou kesyon sondaj sou retou nan sèvis fas-a-fas yo. Yo te mande si nou ta alèz fas-a-fas, si nou ta dakò pou mete mask, si nou ta santi n pi byen pou nou fè vizit deyò yo, si nou ta respekte distans sosyal yo lè founisè a lakay nou, epi si nou ta dakò pou aktiv menmjan pandan vizit yo ka jan nou te ye anvan COVID la. Mwen panse se te vreman janti pou pwogram la mande nou alekri sa nou te panse de retounen nan sèvis fas-a-fas yo. Mwen te preyokipe konsènan tout bagay mwen pa t ka prevwa yo, tankou kay kote yo t ap antre ak soti anvan yo rive lakay nou, men anjeneral sou lefèt ke Jackson ak mwenmen nou pa t vaksinen. Li te fenk kòmanse ale nan gadri andeyò lakay la, epi mwen te vreman bezwen retounen nan yon sitiyasyon ki nòmal. Li te vle mwen la TOUT TAN, tout jounen an. Kowòdonatè sèvis nou an te fè n konnen nenpòt sa nou deside ki te bon nou t ap OK pou li tou.

Tout bagay te byen pase epi mwen te pran vaksen mwen jis anvan premye vizit fas-a-fas ki te pwograme lakay nou. Se te yon bèl jounen, kidonk nou te jwe deyò a. Li te kenbe mask li pandan tout tan an sou figi li. Jackson te ezite enpe nan kòmansman, men li te vin kontan. Premye fwa te gen lapli pandan vizit pwograme a, founisè an te rele mwen epi li te mande si nou te ka òganize yon televizit alapas. Mwen di non, epi nou te fè li anndan kay la. Tout adilt yo te mete mask. Piske nou redemare El fas-a-fas yo, nou ajoute nan IFSP nou an epi nou gen nouvo founisè. Jackson vin alèz avèk yo tout epi kounye a, li nòmal pou nou òganize vizit yo anndan kay la.